



#UF23

UNIVERSITY of  
**UF** | FLORIDALIS KONTWÒL POU **SIKSÈ****PISKE W YON GATOR KOUNYE A NAN PWOGRAM PACE****PRIMERO LO PRIMERO**

Ou sou pwen kòmanse youn nan moman ki pi enteresan nan lavi w kòm yon etidyan UF nan Pwogram PaCE la. Biwo Admisyon an vle pou w fè yon tranzisyon fasil pandan w ap kontinye pakou akademik ou. Fè etap sa yo pou asire yon tranzisyon ki gen siksè nan University of Florida.

**1 SAN PÈDI TAN: PRAN IDANTIFIKASYON OFISYÈL GATOR OU**

Kòm nouvo etidyan, ou pral bezwen yon nimewo idantifikasyon UF (UFID) pou realize anpil fonksyon ki nesèsè. Ou ka jwenn UFID ou nan lyen "Click here for UFID" (klike la a pou UFID) ki sou paj eta aplikasyon w lan. Sèvi ak enfòmasyon idantifikasyon admisyon (my Admissions credentials) ou pou w konekte.

**UFID: [my.admissions.ufl.edu/account/login](https://my.admissions.ufl.edu/account/login)**

**2 SAN PÈDI TAN: KONEKTE AVÈK GATORLINK**

Kèk jou aprè admisyon w, ou pral resevwa yon mesaj imèl otomatik ki pral mande w pou w kreye non itilizatè Gatorlink ou ak modpas ou. Non kont sa a piblik, epi ou itilize l pou w jwenn aksè nan pifò sistèm enfòmasyon UF, epi li pral vin adrès imèl UF ou tou. W ap gen yon grenn okazyon sèlman, kidonk pa gaspiye l.

**AKTIVE: Lyen yo voye nan imèl la**

**3 JWENN AKSÈ NAN IMÈL OFISYÈL UFL OU**

Se *UF Exchange* ki sèvis imèl pou inivèsite nou an epi se pi bon fason pou w rete an kontak avèk pwofesè, konseye nou yo ak lòt moun ki la pou ede w rete òganize.

**KONFIGIRASYON IMÈL:**

**[helpdesk.ufl.edu/self-help/gatorlink-e-mail-setup/](https://helpdesk.ufl.edu/self-help/gatorlink-e-mail-setup/)**

**4 SAN PÈDI TAN: FAFSA AK ENFÒMASYON SOU ÈD FINANSYE**

Yo akòde Èd Finansye sou yon baz premye rive, premye sèvi. Dat limit priyorite a se te 15 desanm. Si w potko aplike, aplike san pèdi tan pou yo konsidere w pou pipli ak meyè èd ki disponib.

**JWENN PLIS ENFÒMASYON: [sfa.ufl.edu](https://sfa.ufl.edu)**

**RANPLI FAFSA A: [fafsa.ed.gov](https://fafsa.ed.gov)**

**5 OPLITA 1 ME: ASIRE PLAS OU NAN #UF23**

Ranpli kontra PaCE ou epi peye depo frè ekolaj \$200 ki pa ranbousab la sou entènèt sou paj eta aplikasyon w lan.

**6 PLONJE NAN LAVI GATOR**

Preview a prepare w pou siksè avèk yon oryantasyon sou entènèt ak sou kanpis obligatwa ki pral ede w fè nouvo pakou akademik ou nan UF. Se moman sa etidyan yo ap enskri pou kou yo. Tout Gator dwe patisipe, kidonk asire ke w enskri.

**PREVIEW: [orientation.dso.ufl.edu](https://orientation.dso.ufl.edu)**

**7 TRANSFERE FOTO GATOR 1 OU**

Pou evite tan datant nan Preview (Oryantasyon) pou w jwenn kat Gator 1 ou, telechaje yon foto tèt/zepòl ou ki byen klè 48 èdtan omwen anvan w rive nan Preview nan sitwèb Gator 1 Preview Express la. Kat Gator 1 ou an se ID ofisyèl ou nan kanpis la ki pèmèt ou jwenn aksè nan anpil sèvis nan kanpis la.

**KAT GATOR 1: [www.bsd.ufl.edu/idcardimgs/ufpreview](https://www.bsd.ufl.edu/idcardimgs/ufpreview)**

**8 VOYE RELVE NÒT FINAL OU BAY UF**

Tout òf admisyon yo pwovizwa jiskaske Biwo Admisyon an resevwa relve nòt final lekòl segondè ak/oswa kolèj ou. Ou dwe fè aranjanman pou w voye relve nòt final lekòl segondè ak kolèj ou bay biwo nou an le 15 jiyè oplita.

**UF OFFICE OF ADMISSIONS**

**PO Box 114000**

**Gainesville, FL 32611-4000**

**9 EKSPLORE PAKE OPSYON OCHWA POU PACE**

Pake Opsyon Ochwa UF sou Entènèt la egziste pou founi aksè nan sèvis etidyan ki sou kanpis yo pou etidyan UF sou entènèt ki chwazi pou abite nan Gainesville oswa ki vizite Gainesville souvan. Elèv yo enskri pa otomatikman. Ou dwe chwazi patisipe ladan.

Pake sa a bay menm nivo aksè nan sèvis ak enstalasyon yo nan kanpis la ak elèv rezidansyèl yo.

**[handbook.uflonline.ufl.edu/students/student-fees/](https://handbook.uflonline.ufl.edu/students/student-fees/)**